Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2026 соналъул 6 март Рузман № 9 (7940) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Райсобраниялда

## Иргадулаб сессия тIобитIана

4 марталда Агъвали райадминистрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана районалъул депутатазул Собраниялъул иргадулаб сессия.



Сессиялъул хIалтIулъ гIахьаллъи гьабуна «ЦIумада район» муниципалияб районалъул бетIер Шамил ГIумаровас.

Гьелъул хIалтIи бачана «ЦIумада район» муниципалияб районалъул депутатазул Собраниялъул председатель Рамин МухIамадовас.

Сессиялъул байбихьуда депутатаз тасдикъ гьаруна гьоркьоръ лъолел суалал ва регламент.

Депутатаз гIенеккана «2025 соналъ социалиябгун-экономияб рахъалъ районалъул цебетIеялъул хIасилазул ва 2026 соналъе церечIарал масъалабазул» хIакъалъулъ «ЦIумада район» муниципалияб районалъул бетIер Шамил ГIумаровасул хIисабкьей.

Россиялъул МВДялъул районалда бугеб отделалъ 2025 соналъ гьабураб хIалтIул хIисабкьейгун депутатазда цеве вахъана ОМВДялъул начальник Камал ГIабдулхIакъов.

Депутатаз хиса-басиял гьаруна «ЦIумада район» муниципалияб районалъул бакIалъулаб самоуправлениялъул органазул структураялъулъ ва «ЦIумада район» муниципалияб районалъул 2026 соналъул бюджеталъулъ.

Гьединго гьез хал гьабуна гIуцIиялъулал суалазулги. Цоги хъулухъалде унев вукIиналда бан, «ЦIумада район» муниципалияб районалъул депутатазул Собраниялъул председательлъиялдаса эркен гьавуна Рамин МухIамадов ва гьеб хъулухъалде вищана ГIабдулаев ХIажимухIамад Дингаевич.



Гьединго депутатаз «ЦIумада район» муниципалияб районалъул контролиябгун хIисабалъул органалъул председательлъун тIамуна Загьидов МухIамад МухIамадович, «ЦIумада район» муниципалияб районалъул Собраниялъул эркен гьавурав депутатлъун тасдикъ гьавуна ГIумаров Аслудин ГIабдулаевич.

Депутатаз хал гьабуна цогидалги суалазул.

## Барки

ХIурматиял руччаби!

РакI-ракIалъ баркула нужеда тIаде щолеб халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо - 8 Март!




ЧIужугIадан ккола хIеренлъиялъул, берцинлъиялъул ва гIакълуялъул кьучI. Хьул кьотIараб яги къварилъаби дандчIвараб мехалъ, берцинаб рагIудалъун яги хинаб къвалбаялдалъун нилъее ракI батизе ва рагьизе хIадур йикIуна гьей.

8 Март ккола руччабазе баркала, хIайранлъи ва рокьи загьир гьабизе рес кьолеб байрам.

Гьединлъидал гьаб тIаде щолеб ихдалилаб руччабазул байрамалъул къоялъ, гIедегIула руччабазда байрам баркизе хинал рагIабаздалъун.

Гьарула нужее щулияб сахлъи, хъизан-рукъалъулаб талихI, рекIел анищалгун мурадал тIурай, парахалъи, гьабулеб ишалъулъ икъбал.

**Шамил ГIумаров,** районалъул бетIер

## ГIабдулаев ХIажимухIамад Дингаевич



«ЦIумада район» муниципалияб районалъул депутатазул Собраниялъул председательлъун вищана ГIабдулаев ХIажимухIамад Дингаевич.

ХIажимухIамад хIалтIулев вуго «ТIинди» СПКаялъул председательлъун.

## Халкъалда цебе жидерго жавабчилъи бичIчIулел

Иргадулаб диспансеризация гьабизе мех щварал ниж, газеталъул коллектив, щвана райбольницаялъул поликлиникаялде. Цеегоялдаса щун йикIинчIо гьение: добго минаги, долго хIалтIухъабиги, абизе бегьилаан хисараб жого гьечIилан. тIалабчилъиги. Нилъее гIадатлъун ккарал хъахIал халгIатазда нахъа бахчун батула чанги божизе захIматаб ахIвал-хIалалдаса, хвалил квачикьан хвасар гьабураб гIумру, къисмат.

Нилъее гьабураб процедураялрат сайгъат гьабурав Лъондодаса АхIмад ГъазимухIамадовасе баркала кьолеб буго больницаялъул хIалтIухъабаз.



Ва амма...Амма буго таманаб хисабаси: тIаде рачIарал гIолохъанал цIи-цIиял специалистал, лъикIаб рахъалдехун ккарал хиса-басиял, къойидасан къойиде лъикIлъулеб ва цIилъулеб материалиябгун техникияб рахъ. Гьеб буго нилъ рохизе ккараб хIужа. Терапевтас кьурал кагътазда рекъон арал кабинетазул щибалда ругоан нилъ рохизе ккарал хиса-басиял. ГьечIо доб цебе гIадин халатаб ирга: электроннияб хъвай-хъвагIайялда рекъон унел руго тохтурасухъе.

Хъизан-рукъалде, хIалтIипишаялде машгъуллъун ругел нилъеца больницаялде ккезегIан пикру гьабуларо сахлъи цIуниялъул хъаравуллъуда ругел тохтурзабазулгун медсестрабазул. Гьеб мехалъ бичIчIула нилъеда поликлиникаялъул ва больницаялъул тохтурзабазул нилъедехун бугеб бербалагьиги, жидедехунго бугеб да ва хъвараб рецепталда нахъа руго гIадамал, хъахIаб халгIаталъулалцоцалъ гъункараб, тIаса бищараб жидерго махщел жидее рекIел ахIилъунги бухIилъунги лъугьараб райполиклиникаялъул коллектив: гIадатияв лаборантасдаса вахъарав тохтурасде щвезегIан.

Диспансеризация гьабулеб къо нижер ккана райполиклиникаялъулазухъе «гьоболлъухъе» рачIараб гIадаб къо: ниж щвечIебги, раккичIебги кабинет хутIичIо. Би кьолеб кабинеталъул кIалтIу цIун бугоан унтараз. Лаборанткабазул «тIадагьал» квераз босараб би рукIкIен къараб-къачIеб лъачIого унеб букIана пробиркабазде. Рентгенкабинетазда Заирагун ПатIимат лъикIал махщалилаллъун рахъун руго жидерго аслияб хIалтIуде тIадеги цIияб рентгенаппарат-маммоскан хIалтIизабизе лъалел. Гьеб чара гьечIеб аппарат сайгъат гьабурав ...

Поликлиникаялъул медсестрабазул чIараб минут букIинчIо. Щибаб анализалъул жаваб унтаразда бичIчIизабулел, дараби хъвалел медсестрабазда тохтурзабийилан абизеги бегьилаан. Тохтурзаби ругоан жидерго ишалде руссунунтаразул тIалабалда. Гьезухъ балагьун бичIчIулеб букIана поликлиника цохIо материалиябгун техникияб базаялдалъун гуребги, гьеб хIалтIизабизе лъалеб махщел камилаб медперсоналалъги бечед букIин.

ХIалтIул къо байбихьаралдаса гьеб лъугIизегIан чIараб минут поликлиникаялъулазул гьечIо.

АбичIого гIоларо гьениб бугеб рацIцIалъиялъул рахъалъулги. Гьеб букIинароан заведующиясул тIалабчилъиги техникияб персоналалъул жавабчилъиги букIинчIебани. Баркала рацIцIаракъалъиялъухъ ясазе.

Къокъаб хIасил: регистратураялдаса байбихьараб нухмалъулесде щвезегIан поликлиникаялъул щибав хIалтIухъанас жиндирго махщел-лъаялъул бутIа лъолеб буго гIаммаб ишалда-инсанасул сахлъи цIуниялда.

Нижер диспансеризация лъугIана: УЗИялъул, ЭКГялъул, рентгеналъул кабинетал, лабораториящвечIеб бакIги тохтурги хутIичIо поликлиникаялда. Баркала медперсоналалъе, хасго ясазе.

РакI-ракIалъ баркула гьезда тIаде щолеб байрам-8 Март. Гьарула щулияб сахлъи, халатаб, талихIаб гIумру, ракълилаб зобалда гьоркь гIумру гьаби, гьабулеб ишалъулъ икъбал, махщел камиллъи, ва, аслияб жо-унтаразул къадар дагьлъи.

**Хадижат Залимханова**

# Школаздаса харбал

**КIванада.** Араб анкьалъ КIванада росдал школалда физкультураялъул мугIалим МуртазагIали МуртазагIалиевасул ва педагог -гIуцIарухъан СагIит СагIитовасул нухмалъиялда гьоркь тIобитIана ВатIан цIунулесул кьоялда хурхун спортивиял кьецал.



Гьезул аслияб мурад букIана гIун бачIунеб гIелалъе патриотикияб тарбия кьей, ВатIан цIунулезде рохелгун чIухIи куцай, цIалдохъабазул сахаб букIинеселде ва спорталдехун рокьи куцай, спорт сахлъиялъул кьучI букIин бичIчIизаби.

Тадбир рагьана СагIит СагIитовас 23 февралалъул байрамалъул тарихалъул бициналдалъун ва киназдаго гьеб баркиялдалъун. Баркиялъулал кучIдул цIалана цIалдохъабазги. Хадуб байбихьана кьецазде. «КIийиде бикьана» школа. Щибаб командаялъул ракIана гьезул рахь ккурал болельщикал.

КIиябго командаялъ жиграб гIахьаллъи гьабуна ва лъикIал хIасилал рихьизаруна спортивияб эстафетаялда, канат цIаялда, Калашниковасул автомат бихьи-бакIариялда, шарикал корзиналде рехиялъулъ. Бихьулеб букIана физкультура гьезие гIадатияб дарс гуреб, цIвалде щвараб лъай кьолеб предмет букIин. Гьезул бергьенлъи босизе бугеб гьира-шавкъ бихьидал, божизе бачIуна умумузул мустахIикъал ирсилал-ВатIан цIунулеллъун гьел рахъиналда.

Кьецазда бергьараб командаялъе кьуна шапакъатал.

**Шамил МухIамадов**



**Агъвали.** Совет Союзалъул БахIарчи Къади Абакаровасул цIаралда бугеб Агъвали гимназиялда тIобитIана авар мацIалъулгун адабияталъул мугIалим ПатIимат Зиявдиновалъул нухмалъиялда гьоркь батIи-батIиял тадбирал жинца жанире рачараб Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIазул анкь.

ПатIимат МухIамадовналъ нухмалъулеб 7 «Б» классалъ «ЦIуне рахьдал мацI» абураб флешмобалдаса, гимназиялъул къадал батIи-батIиял стенгазетаз цIезариялдаса, рахьдал мацIалъул гимназиялда жанисеб олимпиада тIобитIиялдаса байбихьана анкь. Гьелъул программа гIатIидаб букIана-щибаб кьойил цо-цо тадбир жинца жанибе бачараб. Гьедин тIобитIана «Авар мацIалда бищунго берцин хьвалезул кьецI».

Хадусел кьояз тIоритIана школалъул библиотекарь ХIава КъадимухIамадовалъул бетIерлъиялда гьоркь Дагъисталъул хьвадарухъабазул тIахьазул цебелъей, «Рахьдал мацIалда бицун лъикI цIалулев» абураб школлъималаз авар мацIалда тIахьал цIалиялъул, «ЦIуне рахьдал мацI» темаялда сочинение хъваялъул, авар мацIалда биценкIабигун кицаби ва абиял лъаялъул, «Бищун берцинаб кьункъра» бахъиялъул кьецал. Киназего асар гьабуна байбихьул ва чIахIиял классазул мугIалимзабазда гьоркьоб тIобитIараб «Миллияб кIазалъул кьо» кьецалъги. Киналго разилъун, «КIазал цIунулей, (кIазазул кьимат гьабулей?)» («Хранитель платков») цIаралъе мустахIикълъана лъарагI миллаталъул вакил, цIумадисезул унго-унгояб нус, 55 соналъ Агъвали школалда биологиялъун хIалтIулей йигей Къанитат Халимбековна Казбекова. Гьедин ана рахьдал мацIалъул анкь гимназиялда. Гьелъие ахир лъейлъун ккана «Рахьдал мацIалъул бищун лъикIав мугIалим» районалъул кьецалда ПатIимат Зиявдиновалъ кIиабилеб бакI кквей, гIурусазул классик, шагIир Василий Жуковскияс 1820 соналъ жиндирго цIалдохъан, цIар арав Александр Пушкиние «Къарав мугIалимасул рахъалъан бергьарав цIалдохъанасе» абун хъварал рагIабазухъего, гьелъул цIалдохъан, ТIиссиахикь росдал школалъул мугIалим ПатIимат Жалаловалъ тIоцебесеб бакIги ккун.

Рахьдал мацI нилъее чара гьечIогохIажат буго. Гьелда абула нилъеца тIоцебесеб «баба» ва «дада», хIаракат бахъула эбелинсуда нилъее кьваригIараб бичIчIизабизе. Гьеб буго нилъер миллияб кьучI, мацI гьечIони, гьечIо миллат.

КIудияб адаб-хIурмат букIуна дир жиде-жидер рахьдал мацIазда кIалъазе хIаракат бахъулел гьитIичаздехун. МацIазул кIварги бичIчIун, ЮНЕСКОялъ гьелъие хас гьабун байрамкъо чIезабуна, амма, щаялиго, мацIалде кьолеб кIвар дагьлъулеб буго. Росабалъ школазда тIоритIулел тадбираз дагьабниги квербакъилин ккола мацI цIуниялъе ва гIун бачIунеб гIелалъе гьелде рокьи бижизабизе.

**ПатIимат Зиявдинова**




**Гьигьалъ.** Бечедаб букIана ШапихIажи ГIисаевасул цIаралда бугеб Гьигьалъ росдал гьоркьохьеб школалда тIоритIарал тадбиразул программа. Рахьдал мацIазул анкь, ВатIан цIунулесул кьо, школалда гIемерал соназ хIалтIарал, жакъа нильгун гьечIел учительзаби ракIалде щвезари ва цогидалги.

Учительзаби ракIалде щвезариялъул тадбиралъул гIуцIарухъан Зайнаб ХIажиевалъ бакIарун бугоан гIун бачIунеб гIелалъе лъайгун тарбия кьеялда гIумру арал, цо кидаялго жиндирго ракIарал учительзабазул хIакъалъуль бечедаб материал.

-Нильер учительзабаз цохIо дарс кьеялдальун лъугIизе толароан жидерго хIалтIи. Гьез мальъана гIумрудул дарсалги: гIакъиллъиялъул, сабруялда хьвада-чIвадиялъул, гьитIинасул хьатир, кIудиясул адаб-хIурмат гьабиялъул, хIажалъи ккаралъур хIалае ратунеллъун рахьине ккеялъул.

Ниль чIаго ракIуна ниль-ер хIакъалъуль ракIалдещвей бугебгIан заманаялъ,-ан абуна Зайнаб ХIажиевалъ тадбиралъул гIахьалчагIазда цее яхъунаго ва нилъедаса ратIалъарал учительзабазул суратазул слайдал рихьизаруларо.

Гьезул хIакъалъуль ракIалдещвей буго жакъаги школалъул гIумрудул щибаб кьоялъулъ, тетрадалда хъвараб щибаб хIарп-хIуччалъулъ, щибав цIалдохъанасулгун учителасул гьимиялъулъ, кьо ккедал, цогидазе мисал бихьизабун, цIадаре кIанцIизеги хIадурал росуцоязул кьвакIиялъулъ.

ЛъикIаб цсрерахьин гьабуна цIалдохъабазги, щивав учителасул хIакъалъулъ биценги гьабун. Учительзабазги берцинаб рагIудалъун ракIалде щвезаруна жидер рук1арал учительзаби ва цадахъ х1алт1улел рукIарал пишацоял.

Ахираталъул рокьоре арал учительзаби ракIалде щвезариялъул тадбиралъухъ баркала загьир гьабуна гьезул лъималаз ва г1ага-божараз, жакъа гьезул нухдасанги ун, росдал гIолилазе тарбиягун лъай кьеялда хIалтIулел пишацоял.

Тадбир ана рохелги пашманлъиги жубараб асаргун. Гьединал ракIалдещвеяз квербакъула умумул ва гьезул тарихги кидаго рек1ельцIунизе, гьезул ракIбацIцIадаб хIалтIуе мустахIикъаб кьимат кьезе, гьездаса мисал босун хьвадачIвадизе, «Учитель» абураб цIар адаб-хIурматалда рехсезе, гьездасан бугеб чIухIиялъул асаралда гьоркь патриотикияб тарбия кьезе.



Учитель ккола инсан куцалев кьебед, школа- гьесул кьебелъи…

…Берцинго ва гIуцIадго ана школалда рахьдал мацIалъул ва ВатIан цIунулесул кьоязда хурхарал тадбиралги. Байбихьул классаздаса байбихьун, чIахIиял классазде щвезегIан цIалдохъабаз рихьизаруна цсрерахъинал, цIалана байрамазда хурхун кучIдул, хъвана сочинениял, тIобитIана авар халкъалъул кицаби ва абиял лъаялъул ва рагъулалгун спортивиял кьецал. Тадбираз бихьизабуна миллияб мацI цIуниялдеги, гIун бачIунеб гIелалъуль патриотизм куцаялдеги кьолеб кIвар ГьигьалЪ школалда цебесеб кьерда букIин.

Хасаб чIагольи букIана СВОялъул гIахьалчи-росуцояв МухIамадкамил КъурамухIамадовасулгун дандчIваялдаги. Жакъа Украиналда унеб СВОялъул хIакъалъуль к1алъай гьабуна разведротаялъул командир, лейтенант Мух1амадкамил Къурамух1амадовас.

Гьес ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна жиндир рук1арал учительзабазе, ц1алдохъабазе, росуцоязе рагъул цебесеб кьерда ругел нильер рагъухъабазе гьабулеб гуманитарияб кумекалъухъ ва «Солдатасухъе кагътал» абураб тадбиралъуль гьабулеб жиграб гIахьаллъиялъухъ.

ДандчIваялъул ахиралда школалъул директор МухIамадкеримовас баркала загьир гьабуна тадбиралъул гIахьалчагIазе, гьарана рагъги лъугIун нильер васал сахсаламатго рокъоре руссин.

Гьединал тадбирал ккола тIаде кьо ккедал кьвакIарал чармил ракIазул нильер рагъу-хъабаздехун бугеб адабгун рокьи загьир гьаби.

**Зайнаб ХIажиева**

# ВатIаналъе хъулухъ гьабизе гIолилал хIадур гьари

ВатIан цIунулесул Къо кIодо гьабиялда хурхун, Агъвали гимназиялъул чIахIиял классазул цIалдохъабигун дандчIвана хIинкъи гьечIолъиялъул рахъалъ райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Сиражудинов.




Тадбир ана эркенго, ВатIан цIунулезул хъулухъалде цIалдохъабазул гъира бижиледухъ. Гьелъул аслияб мурад букIана армиялда хъулухъ гьаби - ватIаналда цебе щивасул гражданлъиялъулаб налъи букIин ва гьеб тIубазе ккей гIолилазда бичIчIи.

МухIамад Сиражудиновас цIалдохъабазда бицана пачалихъалъул жибго цIунун бажариялъе армиялда хъулухъ гьабиялъул бугеб кIвараралъул, нилъер улкаялъул гучаб рагъулаб къуваталъул ва гьединго Украиналда унеб хасаб рагъулаб операциялъул. ЦIалдохъабазе лъикIаб рес щвана гьел суалазда хурхун эркенго жидерго пикраби загьир гьаризе, рагъулаб хIадурлъиялъул, рагъулал цIалул заведениябазде цIализе иналъул ва цогидалги суалазе жавабал щвезе.

Райадминистрациялъул бетIерасул заместителас бихьизабуна Россиялъул букIинеселда цебе жидер бугеб жавабчилъи гIолилазда бичIчIи, жал ватIан тIегьаялъе ва гьеб цо хIалалда чIеялъе божилъун кколеллъи.

Гьединал данделъаби къваригIарал руго гIун бачIунеб гIелалъе армиялда хъулухъ гьабиялъул хIакъалъулъ информация гьаби гуребги, улкаялъул миллиял интересал цIуниялда ва халкъалъул рагъулаб бихьинчилъиялъул рахъ ккезе бичIчIи бугеб пикру гьезул бижизабизе.

## Постановление № 32

**от 19 февраля 2026 г.**

**Об утверждении Положения и состава жилищной комиссии администрации муниципального района «Цумадинский район»»**

В соответствии с Конституцией Российской Федерации, Гражданским кодексом Российской Федерации, Жилищным кодексом Российской Федерации, Федеральным законом от 20.03.2025 г. № 33-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в единой системе публичной власти», Уставом муниципального района «Цумадинский район», администрация муниципального района «Цумадинский район»

**постановляет:**

1. Признать утратившим силу все предыдущие постановления администрации муниципального района «Цумадинский район» об утверждении положения и состава жилищной комиссии администрации муниципального района «Цумадинский район».
2. Утвердить Положение о жилищной комиссии согласно приложению №1 к настоящему постановлению.
3. Утвердить прилагаемый состав жилищной комиссии согласно приложению №2 к настоящему постановлению.
4. Настоящее постановление опубликовать в районной газете «Голос Цумады» и разместить на официальном сайте администрации муниципального района «Цумадинский район» в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет».
5. Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на заместителя главы администрации муниципального района «Цумадинский район» Магомедова Х. Г.
6. Настоящее постановление вступает в силу со дня официального опубликования.

**Глава муниципального района Ш. Омаров**

## Постановление №43

**от 03 марта 2026г.**

**Об утверждении плана мероприятий по внедрению Всероссийского физкультурно-оздоровительного комплекса ГТО в МР «Цумадинский район»**

Во исполнение Указа Президента Российской Федерации от 24 марта 2014 г. № 172 «О Всероссийском физкультурно-спортивном комплексе «Готов к труду и обороне» (ГТО)» на территории Российской Федерации внедрен Всероссийский физкультурно-спортивный комплекс «Готов к труду и обороне» (ГТО) (далее комплекс ГТО) и в целях реализации плана мероприятий по поэтапному и системного внедрению комплекса ГТО на всех уровнях от образовательных организации до трудовых коллективов района, Администрация муниципального района «Цумадинский район», постановляет:

1. Утвердить план мероприятий по внедрению Всероссийского физкультурно-оздоровительного комплекса ГТО в МР «Цумадинский район» на 2026 год. (Приложение №1)

2.Руководителям трудовых коллективов района:

2.1. Создать банк необходимых нормативно - методических материалов внедрения комплекса ГТО на всех уровнях в соответствии Указа Президента РФ от 24 03. 2014 г. №172 о ВФСК «Готов к труду и обороне»;

2.2. Для координирования работы по системному внедрению комплекса ГТО назначить ответственных специалиста и согласно прилагаемой форме представить в Центр тестирования ГТО при МКУ «Управление культуры, спорта, молодежной политики и туризма» оператору центра тестирования Омарову М.М. до 15.03.2026; (приложение №2);

2.3. Обеспечить личный контроль за реализацией комплекса ГТО и осуществлять регулярный мониторинг количества выполнивших нормативы ГТО из числа работников вверенных организациях.

3.Разместить настоящее постановление на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» и опубликовать на районной газете «Голос Цумады».

4. О проделанной работе просим проинформировать в Центр тестирования ГТО до 20.03.2026.

5.Контроль исполнения настоящего постановления возложить на заместителя главы администрации МР «Цумадинский район» Магомедова Х.Г.

**Глава муниципального района Ш. Омаров**

**Динияб бокIон**

# Рамазан моцIалъул хиралъи

Аллагьасул хIикматаздасан ккола Гьес цо халкъ цоги халкъалдасан хира гьаби, цо бакI цоги бакIалдасан хира гьаби, гьединго цо заман цоги заманалдасан хира гьаби. Цоги моцIаздасан хира гьабураблъун ккола тIаде щвараб гьаб Рамазан моцI. Рамазан моцI ккола цогидал моцIазде дандеккун цIвабзазда гьоркьоб бакъ гIадинаб. Гьелъул хиралъабиги, тIокIлъабиги, тIадегIанлъабиги гIемерал руго. Гьеб моцI буго ЛавхIул махIфузалдасан дунялалъул зобалазде Къуръан рещтIараб. Жинда хIажалъи кковухъе гьенисан 23 соналъ Къуръан рещтIана ракьалде. ТIадегIанав Аллагьас къуръаналда абулеб буго: «Рамазан моцI буго жиндилъ гьединаб гьеб жаниб къуръан рещтIараб халкъ мекъиса ккеялдасан тIоритIеллъун, ва баянал аяталги руго хIакъаб нухалде тIоритIиялъе, хIакъабги батIулабги жо батIа гьабулебги буго. (Суратуль Бакъара, 185 аят).

Гьединго бицулеб буго Аллагь жинда разилъаяв АскъагIил вас Василат абурав сахIабияс: «Аварагас (Аллагьасул жинда свалат салам лъеяв) абунилан: Ибрагьим аварагасухъе (Аллагьасул жинда салам лъеяв) тIанчал рещтIанин Рамазаналъул тIоцебесеб сардилъ, ва Тават рещтIанин анлъго сордо Рамазаналъул индал, Инжил рещтIанин Рамазаналъул анцIила лъабго сордо индал, Фуркъанги рещтIанин къоло ункъо сордо Рамазаналъул индал (ай лайлатул къадриялъул сордоялъ). ХIадис бицана Имам АхIмадица.

Рамазан моцI ккола гьединго жиндилъ жаниб ТIадегIанав Аллагьас кIал квезе тIадаблъун гьабураб моцIги. ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго хирияб къуръаналда: «Ле гьал иман лъурал гIадамал, нужеда кIал ккезе тIадаблъун гьабуна цере рукIарал умматазде тIад гьабун букIараб гIадин нуж Аллагьасукьан хIинкъараллъун рукIине. (Суратуль Бакъара, 183 аят).

Рамазан моцI ккола гьединго тавбуялъулги, мунагьал чуриялъулги моцIлъунги. Жиндаса Алллагь разилъаяв Абу Гьурайрат асхIабасдасан бицулеб буго Аварагас (Аллагьасул жинда свалат салам лъеяв) абунилан: «Къойил щуябго какги, рузманалдаса рузманалде щвезегIанги, Рамазаналдаса Рамазаналде щвезегIанги заман буго жиндилъ мунагьал чурулеб чIахIиял мунагьаздасан рикIкIалъун ругебгIан». ХIадис бицана Имам Муслимица.

Имам Тирмизияс ва цогидалги хIадисалъул имамзабаз бицараб хIадисалда абулеб буго цо нухалъ Авараг (Аллагьасул жинда свалат салам лъеяв) жиндирго хутIба гьабулеб болъодаса вахулаго тIоцебесеб болъоялда хIетIе лъолаго абунилан «Амин» абун, кIиабилелдаги хIетIе лъолаго абунила «Амин» абун, лъабабилелдаги гьединго «Амин» абунилан. Цинги гьелдасан гIажаиблъарал асхIабзабаз цIехолеб буго Аварагасда (Аллагьасул жинда свалат салам лъеяв) гьелъул хIикматалдасан, (ай кIалъалев чиги вихьулев гьечIо «Амин» абулев (Аллагьасул жинда свалат салам лъеяв) Аварагги вуго. Аварагас (Аллагьасул жинда свалат салам лъеяв) бицулеб буго гьездехунги валагьун: «Жиндихъе Джибрил малаик вачIун вукIанин, ва гьес абунин гIодобегIанлъи щваги гьединав гьев чиясда эбел-инсул цояздагIаги живги хадув гъурав (ай гьезул хъулухъ гьабизе жиндие рес щварав), жив хварав ва Аллагьас гьев жужахIадеги лъугIизе гьаврав (ай гьезул хъулухъ гьабичIого) гьелъие абунин дица тIоцебесеб «Амин» абун.

Ва хадубги Джибрилас гьаранин Аллагьасда гIодобегIанлъи щваги гьединав гьев чиясде Рамазан моцIги жинде тIаде щварав, живги хварав жиндир мунагьалги чуричIого ва живги Аллагьас жужахIалде лъугьизе гьаврав, ва гьелъие абунин жинца кIиабилеб «Амин» абун.

Лъабабизеги Джирил малаикас гьаранилан Аллагьасда щив чи вугониги, жинда аскIоб мун рехсон, дуда свалат битIичIого живги хварав, живги жужахIалде лъугьизе гьаврав, Аллагьас гьев рикIкIад гьавеги абун. Ва гьесги абунин жеги дуца «Амин» абе абун, ва жинцаги «Амин» абунин абун. Самуратил вас Джабиридасан бицараб хIадис буго.

Хал гьабеха, диналъул вацал ва яцал, нилъеца кIарчанлъи гьеб Рамазан моцIалда жаниб бичани, нилъ ккола малаикзабазул бищунго хира гьаврав Джибрил ва гьесдасанги гьединго тIолго гIаламалдасаго жив хира гьаврав Аварагас (Аллагьасул жинда свалат салам лъеяв) данде дугIа гьабураздасан.

Гьединго Рамазан ккола жиндилъ жаниб Аллагьас жидее жужахI мустахIикъал гIемерал лагъзал тархъулеб моцIлъунги.

Абу Гьурайратидасан (жинда Аллагь разилъаяв.) бицараб хIадисалда абулеб буго (Аллагьасул жинда свалат салам лъеяв) Аварагас абунин: «АхIулев чияс ахIулила лагъасда «Ле, лъикIлъалабаздаса вуссарав лагъ, мун нахъе вусса, я квешлъалабазде жаниве ккарав мун къокълъа, Аллагьасул жужахIалдасан тархъулел лагъзал руго, гьелги щибаб къоялъ абун (Тирмизияс бицараб хIадис буго).

Гьединго Рамазан моцI ккола жиндилъ Алжаналъул каваби рагьараб ва жужахIалъул каваби къараб ва щайтIабиги рухьараб. ХIадис бицана имам Бухарица ва Муслимица.

Рамазан моцI бачIараб мехалъ, Алжаналъул каваби рагьула ва жужахIалъул каваби къала, щайтIабиги рухьула. Цоги риваяталда буго «щайтIабазда рахсал рала абун». (ай гьезие кIоларо Рамазан моцIалъ цоги моцIазда гьабулеб букIараб жо гьабизе).

Гьединго Рамазан моцI ккола сабруялъул моцIлъун, гьединго бусурманчи шагьваталдасан ва квен-лъиналдаса нахъе къан чIолеб. Гьединлъидал кIал кквей ккана сабруялъул бащалъилъун, ва сабруялъухъ жазаги Алжан буго. ТIадегIанав Аллагьас абуна сабру бугезул ажру тIубалеб буго щибго хIисаб-суал гьечIого. (суратуль Аз-Зумар, 10 аят).

Гьединго Рамазан моцI ккола дугIаялъул моцIги. Имам АхIмадица бицараб хIадисалда буго (Аллагьасул жинда свалат салам лъеяв) Аварагас абунин: «Лъабго чи вуго жиндир дугIа нахъе чIваларев: кIал ккурав чи кIал биччазегIан, ритIухъав имам, жиндие зулму гьабулесул дугIаги.

Гьединго Рамазан моцI ккола къуръаналъул моцI, сахаватлъиялъул ва цогидал лъикIал гIамалазулги. Гьениб жаниб буго лайлатул къадриялъул сордо, азарго моцIалдасанги жиб хирияб абун тIадегIанав Аллагьас абураб, гьединго Аварагасги (Аллагьасул жинда свалат салам лъеяв) абураб «Щив чи вугониги, гьеб сордоялдаса жив махIрумлъун киналго лъикIлъабаздаса махIрумлъарав чи вуго», -ян.

Балагьеха, хириял диналъул вацал ва яцал, жакъа нилъеда тIаде щун ругел гьал хиралъабазда. Нилъеца жигар бахъизе ккела гьал хиралъаби лъазаризе ва гьезул къадруги цIунизе, Рамазан моцIалъул сардабаздасаги къояздасаги пайдаги босизе. Хьул буго гурхIел-рахIму цIикIкIарав Аллагь нилъедасан разилъиялда ва Гьес мунагьалги чуриялда, гьеб амруги бигьа гьабиялда. Аллагьас нилъ гьареги гьеб Рамазаналъул хIакъ тIубалеб агьлуялдаса Амин.

**Абубакр ГIабдулаев,** Агъвали мажгиталъул мугIалим

## Бюджет администрации сельского поселения «Сельсовет Нижнегакваринский» на 2026 год и плановый период 2027-2028 г.г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма | | |
|---|---|---|---|---|
| | | 2026 | 2027 | 2028 |
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | **Собственные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 17,6 | 17,6 | 17,6 |
| 2 | Налог на имущества | 30,2 | 30,2 | 30,2 |
| 3 | Земельный налог | 17,0 | 17,0 | 17,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 9,0 | 9,0 | 9,0 |
| 5 | Прочие неналоговые доходы | 52,0 | 52,0 | 52,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **125,8** | **125,8** | **125,8** |
| | Трансферты | | | |
| 1 | Объем дотаций | 2464,0 | 1525,0 | 2677,0 |
| 2 | Субвен. ВУС | 257,2 | 295,0 | 372,6 |
| | Итого | 2721,2 | 1820,0 | 3049,6 |
| | Всего доходов | 2847,0 | 1945,8 | 3175,4 |
| | | | | |
| | Расходы: | | | |
| 1 | Аппарат | 1655,9 | 1199,3 | 1949,2 |
| | в т.ч. зарплата | 1076,4 | 921,0 | 1280,0 |
| **2** | Проведение выборов | 0,0 | | |
| 3 | Резервный фонд | | | |
| 4 | ВУС | 257,2 | 178,0 | 196,0 |
| | в т.ч. зарплата | 178,3 | 131,0 | 145,0 |
| **5** | ЖКХ | 446,4 | 195,0 | 485,2 |
| 6 | Молодёжная политика | 0,0 | 0,0 | 0,0 |
| 7 | Культура | 462,5 | 368,5 | 515,0 |
| | в т.ч. зарплата | 283,0 | 283,0 | 395,0 |
| **8** | ФК и спорт | 25,0 | 5,0 | 30,0 |
| | Всего расходов | 2847,0 | 1945,8 | 3175,4 |
| | в т.ч. зарплата | 1537,7 | 1335,0 | 1820,0 |

**Председатель Собрания детутатов сельского поселения «Сельсовет Нижнегакваринский» Р. Магомедов**

## Бюджет администрации сельского поселения «Сельсовет Тиндинский» на 2026 год и плановый период 2027-2028 г.г.

**(тыс. руб.)**

| № п/п | Наименование показателей | сумма | | |
|---|---|---|---|---|
| | | 2026 | 2027 | 2028 |
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | **Собсвенные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 142,6 | 142,6 | 142,6 |
| 2 | Налог на имущества | 57,3 | 57,3 | 57,3 |
| 3 | Земельный налог | 39,0 | 39,0 | 39,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 18,9 | 18,9 | 18,9 |
| 5 | Прочие налоговые доходы | 133,0 | 133,0 | 133,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **390,8** | **390,8** | **390,8** |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 6608,0 | 4127,0 | 7242,0 |
| 2 | Субвен. ВУС | 631,4 | 681,0 | 874,0 |
| | **Итого** | **7239,4** | **4808,0** | **8116,0** |
| | **Всего доходов** | **7630,2** | **5198,8** | **8506,8** |
| | | | | |
| | **Расходы:** | | | |
| 1 | **Аппарат** | **2865,9** | **1810,9** | **1821,0** |
| | в т.ч. зарплата | 1488,0 | 1200,0 | 1200,0 |
| 2 | **Проведение выборов** | | | |
| 3 | **Резервный фонд** | **100,0** | **100,0** | **100,0** |
| 4 | **ЗАГС** | | | |
| 5 | **ВУС** | **631,4** | **680,0** | **735,0** |
| | в т.ч. зарплата | 445,7 | 450,0 | 480,0 |
| 6 | **ЖКХ** | **2809,4** | **1384,3** | **4627,2** |
| 7 | **Молодёжная политика** | | | |
| 8 | **Культура** | **1223,5** | **1223,6** | **1223,6** |
| | в т.ч. зарплата | 861,7 | 861,7 | 861,7 |
| | **Всего расходов** | **7630,2** | **5198,8** | **8506,8** |
| | в т.ч. зарплата | 2795,4 | 2511,7 | 2541,7 |

**Председатель Собрания детутатов сельского поселения «Сельсовет Тиндинский» М. Исаев**

## Исполнение бюджета администрация сельского поселения «село Метрада» за 2025 год

**(тыс. руб.)**

| № п/п | Наименование показателей | 2025 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назна-чено | Уточн. назнач. | Испол-нение | % ис-полн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| 1 | НДФЛ | 46,3 | 46,3 | 21,9 | 47,3 |
| 2 | Земельный налог | 9,0 | 9,0 | 1,4 | 15,6 |
| 3 | Налог на имущества | 5,0 | 5,0 | 3,7 | 74,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 1,0 | 1,0 | 0,9 | 0,9 |
| 5 | Прочие налоговые доходы | 25,0 | 25,0 | 25,0 | 100,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **86,3** | **86,3** | **52,9** | **61,3** |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1694,0 | 1694,0 | 1684,0 | 99,4 |
| 2 | Субвен. ВУС | 206,7 | 208,1 | 208,1 | 100,0 |
| | **Итого** | **1900,7** | **1902,1** | **1892,1** | **99,5** |
| | **Всего доходов** | **1987,0** | **1988,4** | **1945,0** | **97,8** |
| | | | | | |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1451,0** | **1547,0** | **1545,2** | 99,9 |
| | в т.ч. зарплата | 899,0 | 958,3 | 958,3 | 100,0 |
| 3 | **Проведения выборов** | **30,0** | **72,0** | **72,0** | 100,0 |
| 4 | **ВУС** | **206,7** | **208,1** | **208,1** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 136,0 | 137,4 | 137,4 | 100,0 |
| 5 | **ЖКХ** | **294,3** | **286,3** | **246,7** | 86,2 |
| | в т.ч. зарплата | | | | |
| 6 | **ФК и спорт** | **5,0** | **5,0** | | |
| | | | | | |
| | **Всего расходов** | **1987,0** | **2118,4** | **2072,0** | **97,8** |
| | в т.ч. зарплата | 1035,0 | 1095,7 | 1095,7 | 100,0 |

**Председатель сельского Собрания сельского поселения «село Метрада» М. Магомедов**

## Исполнение бюджета администрация сельского поселения «сельсовет Кочалинский» за 2025 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2025год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назна-чено | Уточн. назнач. | Испол-нение | % ис-полн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 325,4 | 325,4 | 221,6 | 68,1 |
| 2 | Земельный налог | 4,0 | 4,0 | 51,1 | |
| 3 | Налог на имущества | 12,0 | 12,0 | 23,2 | 193,3 |
| | Прочие налоги(неналоговые) | 10,0 | 10,0 | 0,0 | 0,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 1,0 | 1,0 | 4,5 | 450,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **352,4** | **352,4** | **300,4** | **85,2** |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 2040,0 | 2090,0 | 2090,0 | 100,0 |
| 2 | Субвен. ВУС | 184,1 | 185,5 | 185,5 | 100,0 |
| 3 | Субсидия | 159,5 | 159,5 | 159,5 | 100,0 |
| | **Итого** | **2383,6** | **2435,0** | **2435,0** | **100,0** |
| | **Всего доходов** | **2736,0** | **2787,4** | **2735,4** | **98,1** |
| | | | | | |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1894,5** | **1604,2** | **1604,2** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 1420,5 | 1202,3 | 1202,3 | 100,0 |
| 2 | **Проведение выборов** | **30,0** | **80,0** | **80,0** | 100,0 |
| 3 | **ВУС** | **184,1** | **185,5** | **185,5** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 118,4 | 119,4 | 119,4 | 100,0 |
| 4 | **ЖКХ** | **467,9** | **704,8** | **704,8** | 100,0 |
| 5 | **ФК и спорт** | **0,0** | **0,0** | **0,0** | |
| 6 | **Субсидия** | **175,5** | **175,5** | **175,5** | 100,0 |
| | **Всего расходов** | **2752,0** | **2750,0** | **2750,0** | **100,0** |
| | в т.ч. зарплата | 1538,9 | 1321,7 | 1321,7 | 100,0 |

**Председатель сельского Собрания сельского поселения «сельсовет Кочалинский» Д.Магомедов**

## ЦӀиял нухмалъулел

### Бадрудинов Шамил ГӀисматулаевич



«ЦӀумада сельсовет» росдал поселениялъул администрациялъул бетӀерлъун депутатаз вищана Бадрудинов Шамил ГӀисматулаевич. Цеве ккун гьев хӀалтӀулев вукӀана районалъул спорталъулгун гӀолилазул ишазул отделалъул методистлъун.

* * *

### МухӀамадов ХӀажимурад Ражабович



ТӀинди росдал депутатазул Собраниялъ росдал администрациялъул бетӀерлъун вищана МухӀамадов ХӀажимурад Ражабович.

* * *

### Нурудинов ХӀабиб МухӀамадович



Эчеда росдал депутатазул Собраниялъ росдал администрациялъул бетӀерлъун вищана Нурудинов ХӀабиб МухӀамадович.

БетӀерав редактор Малачдибиров ГӀубайдула СагӀадулаевич (87273) 2-52-44

Жавабияй секретарь Залимханова Хадижат МухӀамадовна

Техникияй редактор МухӀамадова Батул МухӀамадовна

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦӀумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватӀ, 4

«ЦӀумадисезул гьаракь» газета гӀуцӀарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦӀумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)

Газета къватӀибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахӀачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А»
Тираж - 1009
Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагӀалие) 63302 (лъагӀалие)

Адрес электронной почты Golostsumady@mail.ru

Макъалабазда рехсарал хӀужабазул, тарихазул балъголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ 05-00434 от 15 июля 2019 г.